



Pou Piblikasyon Imedya: 08/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PI GWO PRIM CHÈN APWOVIZYÒNMAN AN ENÈJI EWOLYÈN OLAJ ZÒN KOT INIK LAN KI KOUTE 86 MILYON DOLA POU SIPÒTE PWOJÈ SUNRISE WIND LAN**

***Investisman pa Ørsted ak Eversource nan Port of Coeymans pote biznis konstriksyon ak biznis fabrikasyon asye bay konpayi New York yo***

***Kreye 230 travay nan Rejyon Kapital la ak nan Rejyon Lwès New York***

***Solisitasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot 2022 New York la pral sible investisman nan chèn apwovizyònan ak enfrastrikti pòtyè ki enpòtan***

***Sipòte objektif Eta New York k ap mennen nan nasyon an pou devlope omwen 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse pi gwo prim inik kontra chèn apwovizyònan enèji ewolyèn olaj zòn kot nan Eta New York pou sipòte pwojè enèji ewolyèn Sunrise Wind Eta a. Ørsted ak Eversource, patnè devlopman konjwen Sunrise Wind lan, te siyen yon kontra chèn apwovizyònan pou 86 milyon dola ak Riggs Distler & Company, Inc. pou konstwi konpozan fondasyon avanse pou tibin ewolyèn nan Port of Coeymans (Pò Coeymans), sa k ap pote travay konstriksyon ak fabrikasyon asye bay konpayi New York yo ki sitiye nan Rejyon Kapital la ak nan Rejyon Lwès New York, ak kreye 230 djòb ki kapab reponn ak bezwen fanmi yo. Anplis de sa, Eta a pral ofri pwochen solisitasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot li a nan kòmansman 2022 k ap sible investisman enfrastrikti pòtyè siyifikatif ak chèn apwovizyònan pou maksimize davantaj benefis ekonomik alontèm nan endistri k ap boujonnen sa a. Anons jodi a sipòte objektif Eta New York k ap mennen nan nasyon an pou devlope omwen 9,000 megawat enèji ewolyèn disi 2035.

"Nouvo patenarya sa a pou pwojè Sunrise Wind New York la pral enjekte 86 milyon dola nan ekonomi New York la ki benefisye dirèkteman konpayi New York yo epi kreye bon jan kalite djòb konstriksyon ak djòb fabrikasyon nan kominote lokal yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pral degaje anpil odas nan fason n ap atenn objektif klima nou yo epi avèk pwochen solisitasyon an enèji ewolyèn olaj zòn kot nan debi 2022 nou an, New York pral demontre lidèchip nasyonal li ankò nan akselerasyon nan direksyon yon ekonomi vèt."

**Gouvènè Adjwen Benjamin te deklare,** "Devlopman endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot Ameriken an se yon opòtinite ki rive yon fwa nan yon jenerasyon k ap bay gwo benefis ekonomik ak anviwòmantal pou kominote yo toupatou nan eta a. Lè nou sezi moman sa a, nou ap kreye yon nouvo mendèv kalifye, ki pral kapab fè konpetisyon globalman ak atire nouvo biznis chèn apwoviyònman pou sipòte endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la, epi an retou k ap estimile ekonomi vèt New York la."

Gouvènè Adjwen Benjamin te fè anons sa a jodi a nan yon evènman nan Port of Coeymans epi akò a solidifye Eta New York kòm yon gwo sant konstriksyon ak travay pou pwojè Sunrise Wind lan ak pozisyone Port of Coeymans pou li fè patii premye pò yo nan Etazini ki dwe mobilize pou konstriksyon eleman fondasyon avanse pou yon fèm enèji ewolyèn olaj zòn kot pa travayè Ameriken yo. Yo prevwa 115 travayè sendika lokal pral baze nan Port of Coeymans pou konstwi dè santèn eleman espesyalize a gran echèl ki se eleman fondamantal nan fondasyon tibin fèm enèji ewolyèn lan. Konpozan sa yo, klase an gwosè soti nan 12 a 120 tòn yo chak ak yon wotè jiska 40 pye, gen ladan tribin entèn ak ekstèn fondasyon yo, balistrad, echèl an asye, kaj, ak lòt pati kle ki pral fikse nan fondasyon ki gen yon sèl dyamèt la kote jeneratris tibin ewolyèn yo pran kanpe sou li.

**Ko-Prezidan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la ak Ko-Prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Doreen M. Harris, te deklare,** "Nan New York, nou te toujou konnen ke devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot dwe gen ladan yon chèn apwovizyonman ki solid pou asire ke endistri a ka grandi ak pwospere. Akò estratejik enèji ewolyèn olaj zòn kot nou yo ak devlopè yo ki fèt pou transfòme enfrastrikti pòtyè New York la pandan y ap eksplwate sektè fabrikasyon kalifye a ki deja egziste toupatou nan Eta nou an - epi nou wè sa ap dewoule avèk gwo investisman enèji ewolyèn olaj zòn kot sa a nan Port of Coeymans."

**David Hardy, Direktè Egzekitif an Chèf, Ørsted Offshore North America a, te deklare,** "Nou ap bati yon chèn apwovizyonman nasyonal ak etabli yon endistri ki dire lontan ki pral kle nan reyalize objektif enèji vèt ak objektif ekonomik nasyon an. Nou ap akonpli angajman nou yo pote dè milye nouvo travay sendika nan New York lè nou fè patenarya ak founisè rejyonal yo ak lokalize sant konstriksyon Sunrise Wind lan nan Rejyon Kapital la, ki bay aksè ak yon mendèv kalifye ak yon pò ki fyab pou bezwen transpò piblik yo."

**Joe Nolan, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Eversource Energy a, te deklare,** "Akò jodi a make yon etap enpòtan pandan n ap kontinye akonpli pwomès nou pou pote djòb, opòtinite ekonomik, ak ase enèji pwòp, renouvlab pou dè santèn milye kay New York nan Empire State la. Enèji ewolyèn olaj zòn kot, ki gen ladan pwojè Sunrise Wind nou an, pral jwe yon wòl kle nan kreye yon nouvo avni enèji pwòp pou tout Nouyòkè yo, sa k ap ede konbat enpak ki pi move nan chanjman klima pandan y ap kreye yon nouvo chèn apwovizyonman nasyonal ki pral benefisye anpil jenerasyon."

Avèk ekzekisyon kontra sa a, Riggs Distler & Company, Inc, yon konpayi solisyon konstriksyon sendika ak biwo nan Mt. Vernon ak Saugerties, New York, ak Cherry Hill,

New Jersey, pral sèvi kòm kontraktè jeneral pou konstwi eleman e fondasyon avanse ki fabrike davans yo nan Port of Coeymans lan. Yon fwa ke yo fin li, yo pral anbake konpozan yo nan Hudson River epi ale nan fèm enèji ewolyèn olaj zòn kot Sunrise Wind lan, ki sitiye nan dlo federal yo apeprè 48 kilomèt a lès Montauk Point, N.Y. Riggs Distler se yon filyal ki posede eksklizivman pa Centuri Group, Inc.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Riggs Distler la, Stephen Zemaitatis, Jr., te deklare,** "Riggs Distler kontan fè pati baz fabrikasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot Ameriken an epi nan tèt endistri enèji pwòp k ap emèje nan Nòdès la. Avèk plis pase 100 ane nan operasyon, nou fyè pou pote mendèv sendika kalifye ak kontni lokal nou an nan pwojè inik sa a ki pral avanse objektif klima rejyon nou an ak kontribye nan yon avni ki pi pwòp, pi dirab pou kominote nou yo."

Anplis de sa, investisman pwojè Sunrise Wind sa a pral kreye opòtinite fabrikasyon enpòtan pou konpayi lokal New York yo epi kreye djòb solid pou Nouyòkè yo. Opòtinite yo bay nan investisman sa a gen ladan:

- Ljungström LLC, nan Wellsville, nan Konte Alleghany, New York, pral fabrike konpozan asye yo epi delivre yo nan Port of Coeymans. Pwojè a pral kreye pmwen 100 djòb nan Rejyon Lwès New York.
- Konstriksyon Port of Coeymans pral kouvri pa yon Akò Medèv Pwojè. An akò ak angajman devlopè yo, Ørsted ak Eversource pral negosye yon Akò Travay Pwojè ak Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) nan Gwo Rejyon Kapital la, ki kouvri tout travay konstriksyon ki fèt nan pò a an koneksyon avèk eleman avanse pa Riggs Distler yo.
- 115 komèsan ak komèsant kalifye ki soti nan metye batiman ak konstriksyon nan New York, ki gen ladan elektrisyen, chapant, mason, enjenyè eksplwatasyon, fewonye, travayè ak lòt moun ki pral mobilize pou fabrike konpozan yo nan Port of Coeymans.
- Anpil lòt opòtinite New York pral emèje pou sipò konstriksyon lokal, transpò, enstalasyon, ak ekipman pou materyèl pou sipòte nivo konpozan avanse yo pou Sunrise Wind. Sa yo enkli ekipman baton, sèvis sipò sou sit, etablisman, ekleraj, ak ekipman.

**Matt Ferris, ki se Dirèktè Jeneral Ljungstrom lan, te deklare,** "Ljungstrom trè eksite pou opòtinite sa a pou travay ansanm ak patnè nou yo pou ede yo egzekite avèk siksè premye pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot pou New York. Sa a se yon etap ki enpòtan anpil nan estrateji konpayi nou an pou divèsifye biznis nou an soti nan pwodiksyon enèji ak gaz fosil pandan 98 dènye ane yo, pou pase nan mache vèt/renouvlab emèjan pou pwodiksyon enèji ewolyèn olaj zòn kot."

Ørsted ak Eversource, kòm yon pati nan Sunrise Wind, pral lanse tou yon inisyativ fòmasyon mendèv 1 milyon dola anba lidèchip estratejik Sant pou Kwasans Ekonomik (Center for Economic Growth, SEG) la. Sa a pral sipòte aktivite pwojè yo ki sipòte dimansyon pwojè a, ede ogmante konsyantizasyon opòtinite travay ak asire zòn kote rezidan yo pral gen aksè ak opòtinite ekonomik nan enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, ki

gen ladan efò pou priyòrizè fòmasyon pwofesyonèl ak anbochaj nan kominote defavorize yo.

**Mark Eagan, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant pou Kwasans Ekonomik la, te deklare,** "Pwojè Sunrise Wind nan Port of Coeymans lan ranfòse Rejyon Kapital New York la davantaj kòm yon gwo sant konpozan enèji ewolyèn olaj zòn kot yo majè nan Kot Lès la, ki konekte fòs fabrikasyon eta a soti nan Long Island rive nan Rejyon Lwès New York. Pò nou yo nan Konte Albany pwouve ke yo se resous ki gen anpil valè - yo menm ki pèmèt rejyon an reyalize enpak ekonomik endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la. Gras ak vizyon ak sipò Kathy Hochul, devouman ak ekspètiz NYSERDA, ak investisman Ørsted ak Eversource, rejyon an pral non sèlman gen 100 travay ki byen peye, men tou yon ekoomi ki pi fò, plis enklizif ak pi divèsifye".

**Stephen Kelly, Prezidan Vant ak Devlopman Komèsyal nan Carver Companies, te di klare,** "Port of Coeymans ak Carver Companies fyè pou yo rejwenn Ørsted ak Eversource pou pote komès Eta New York la nan Rejyon Kapital la. Port of Coeymans kontinye rete yon sous opòtinite travay ak kwasans pou ekonomi pati nò a, lè li sèvi avèk Hudson River kòm solisyon entegre ki konekte tè ak lanmè."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap fè konbat chanjman klimatik ak revitalizasyon kominote nou yo pi gwo priyòrite li. Gouvènè a konprann ki sa ki an danje epi li aji ak ijans ki nesèsè pou akselere tranzisyon New York nan yon ekonomi vèt ki mache ak enèji renouvlab. Pwojè Sunrise Wind lan ap poze fondasyon pou avni enèji vèt New York la: Mete moun nan travay k ap konbat chanjman klima se yon estrateji solid pou pwoteje anviwònman an ak alimante ekonomi nou an."

**Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare,** "Enèji pwòp se yon eleman vital pou avni ekonomik New York epi pwojè sa a pral nonsèlman kreye investisman sinifikatif nan Rejyon Kapital la, li pral mennen nan kreyasyon dè santèn nouvo djòb vèt ak yon New York ki pi pwòp ak ki pi vèt."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Sa a se yon etap enpòtan nan avanse pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot New York la pi devan. Kòm ko-prezidan Gwoup Travay Tranzisyon Jis (Just Transition Working Group) la, mwen kontan wè pwogrès n ap fè nan devlope sous enèji renouvlab ak vèt. Anplis prezè anviwònman nou an, travay ki kreye atravè enfrastrikti vèt pral kreye karyè dekalite pou tout Nouyòkè yo, sitou popilasyon defavorize ak sou-reprezante nou yo."

**Lidè Majorite Sena Ameriken an, Charles E. Schumer, te deklare,** "Nouvèl fòm idab sa a se yon viktwa pou tout moun. Li se yon viktwa pou anviwònman nou an ke New York ap eksplwate nan gwo resous renouvlab enèki ewolyèn olaj zòn kot la. Se yon viktwa pou ekonomi Rejyon Kapital la ke yo pral reyini gwo konpozan pwojè sa a isit la pandan l ap ajoute 230 djòb nan ekonomi lokal la. Epi se yon viktwa pou gason ak

fanm nou yo ki nan travay òganize, ke Ørsted ak Eversource kontinye angajman yo nan fè travay sa a dapre yon Akò Travay Pwojè."

**Manm Kongrè Paul D. Tonko, te deklare,** "Enèki ewolyèn olaj zòn kot prezante yon opòtinite fòmidadab pou deplwaye enèji pwòp ak diminye polisyon tout pandan y ap ankouraje kreyasyon travay ak kwasans ekonomik rejyonal. Anons jodi a sou patenarya ant Sunrise Wind, Port of Coeymans, ak biznis yo nan Jejyon Nò New York la se yon etap revolisyonè pou avanse objektif enèji pwòp nou yo epi kenbe New York nan tèt nouvo endistri nasyonal sa a. Felisitasyon pou tout moun ki patisipe nan pwojè sa a. Mwen rete angaje pou batay nan Kongrè a pou politik federal ki pral asire enèji ewolyèn olaj zòn kot jwe yon wòl santral nan avni enèji pwòp nasyon nou an e ke Rejyon Kapital nou an kontinye benefisye pò ki pi vèt ak potansyèl kreyasyon djòb endistri emèjan sa a."

**Senatè Kevin Parker te deklare,** "Kòm Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon (Committee on Energy and Telecommunications) Sena, mwen gen antouzyas ke pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot Sunrise Wind Eta a pral gen opòtinite pou grandi. Inisyativ sa a pral ogmante siyifikativman rezo global opsyon enèji renouvlab nou an, pandan l ap kreye travay ekolojik pou rezidan Eta New York yo. Sa a se yon gwo viktwa pou eta nou an, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou vizyon yo ak lidèchip yo, pandan n ap travay pou konbat chanjman klima a."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Kòm Senatè Rejyon Kapital la, mwen ekstrèmman fyè paske pi gwo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot New York la ap fèt isit la nan Port of Coeymans, sa k ap bay kominote nou yo yon lyen dirèk ak nouvo djòb ki byen peye ki pral avanse nou desizivman nan direksyon yon avni ki alimante ak enèji pwòp. Sa a se yon opòtinite ki rive yon fwa nan lavi pou etabli Rejyon Kapital la kòm sant nasyon an pou enfrastrikti enèji ewolyèn olaj zòn kot, epi mwen remèsye Ørsted ak Eversource Energy paske yo rekonèt kominote nou an kòm yon poto mitan nan batay New York kont kriz klimatik la."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Sunrise Wind se pi gwo inisyativ enèji ewolyèn olaj zòn kot Eta New York, e mwen kontan ke yo te jwenn yon akò pou pote plis pase yon santèn travay sendika ak travay vèt ki byen peye nan Port of Coeymans nan Rejyon Kapital la pou fabrikasyon tibin ewolyèn yo. Kòm New York ap kontinye mete estanda pou aksyon klima agresif ak anbisyè atravè Lwa sou Lidèchip nan Zafè Klima ak Pwoteksyon Kominote (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, Sunrise Wind ap kontinye rale nou pi pre objektif emisyon nou yo pandan n ap konstwi yon ekonomi fò, vèt pou lavni nan trete a. Mwen rekòmande NYSERDA, ak tout patnè yo ki patisipe ki kontinye travay pou reyalize tout potansyèl pwojè sa a."

**Manm Asanble John McDonald te deklare,** "Mwen apresye travay Gouvènè a ak NYSERDA nan bati sou fondasyon solid pwogrè enèji ewolyèn lan ki te lanse nan Port of Albany an. Anplis de sa, inisyativ sa a se poutan yon lòt mezi ki pral avanse objektif lwa ke mwen sipòte yo, Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè, ak efò sa a

pral mennen nou nan yon lòt etap pi pre yon avni ki pi dirab. Anons jodi a pral mennen nan plis bon travay nan kominote nou yo ak benefisyè rejyon an alafwa nan pèspektiv ekonomik ak anviwònmanal. Yon vrè viktwa (ewolyèn) pou tout moun!"

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Anons jodi a se plis konfimasyon ke Konte Albany ak Rejyon Kapital New York pral yon sant nasyonal pou endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot Ameriken an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou etap li deja franchi ak lidèchip li te montre pou satisfè objektif agresif enèji renouvlab Eta New York la. Pwojè sa a se yon etap enpòtan nan batay nou pou anpeche chanjman klimatik epi li pral gen yon enpak ki dire lontan sou ekonomi nou an ak sou mendèv sendika nou an. Mwen kontan pou mwen akeyi Ørsted ak Eversource nan Konte Albany e mwen felisite Port of Coeymans pou pwojè enteresan sa a."

**Lejislatè Konte Albany an, William Clay, te deklare,** "New York ap konstwi yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot k ap pwospere e k ap dire lontan. Mwen bat bravo pou Ørsted ak Eversource pou angajman yo ak efò yo pou ede trase chemen nan travay pou asire enklizyon ak maksimize potansyèl pozitif nan jefò sa a nan yon fason reflechi ak siyifikatif pou tout eleman yo nan mendèv nou an. Kòm rezilta yon pandemi mondyal san parèy, investisman nan fòmasyon mendèv pa te janm pi enpòtan pou kominote nou yo, moun nou yo ak ekonomi nou an. Kòm endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la ap kontinye grandi, nou vle asire ke endistri a angaje popilasyon ki majinalize ak defavorize yo pou fòmasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot, travay ak opòtinite ekonomik."

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades Council) la te deklare,** "Pi gwo akò ekonomik ak travay Sunrise Wind la afime ankò ke ekonomi dirab la kapab nouvo fwontyè bon travay sendika yo. Avèk konstriksyon nan Pò ki kouvri pa yon Akò Travay Pwojè, plis pase yon santèn komèsan ak komèsant kap travay di nou yo pral trase chemen pou rasanble fondasyon lyen enpòtan sa a pou avni enfrastrikti New York la. Nou fyè pou nou fè patenarya ak Ørsted ak Eversource pou konstwi yon chèn apwovizyonman pou enèji ki esansyèl pou satisfè objektif anbisye enèji pwòp eta a ak pou kreye karyè klas mwayèn ak benefis nan ekonomi dirab la."

**Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare,** "Sa se egzakteman modèl investisman ke nou bezwen pou adrese chanjman klimatik la. Li pral kreye bon travay sendika ki itilize yon mendèv ki trè kalifye pou ede grandi klas mwayèn lan pandan y ap prepare wout la tou pou fè New York vin yon lidè nan endistri enèji pwòp la."

**Mike Lyons, Prezidan Metye Konsèy Konstriksyon ak Batiman Rejyon Kapital nan Metwopolitèn NY, te deklare,** "Nan non Konsèy Konstriksyon ak Batiman Rejyon Kapital nan Metwopolitèn NY ak plis pase 20,000 travayè konstriksyon sendika nou yo, nou konble ak antouzyas sou anons sa a nan Port of Coeymans. Pasaj soti nan konbistib fosil pou ale nan enèji renouvlab deja pwouve ke yo rete yon antrepriz masiv pou tout afilye nou yo, men ak patnè tankou Ørsted ak Eversource, nou gen konfyans ke manm nou yo pral toujou gen opòtinite pou touche yon bon salè, pou yo gen asirans

sante ki konplè epi yo pral kapab pran retrèt ou ak diyite ak yon pansyon an sante. Envestisman sa a pral pote transfòmasyon pou tout rejyon an epi li pral touche enfrastrikti ak ekspansyon nan tout eta a."

**Direktè Egzekitif Climate Jobs NY la, Jeff Vockrodt, te deklare,** "Anons jodi a reprezante yon etap enpòtan nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp ki fonksyone pou tout moun isit nan New York. Se fòmidad pou wè angajman Eta a nan enèji ewolyèn olaj zòn kot k ap kreye bon travay sendika lokal sa yo, epi se egzakteman kalite devlopman nou bezwen pou kontinye avanse pou pi devan - envestisman nan enfrastrikti enèji pwòp ki kreye bon travay sendika k ap sipòte fanmi yo, ak souni kominote pou Nouyòkè yo."

**Adrienne Esposito, Direktris Egzekitif Citizens Campaign for the Environment (CCE), te deklare,** "Tranzisyon enfrastrikti enèji nou an enpòtan epi li pasyonan! Non sèlman enèji ewolyèn olaj zòn kot goumen kont chanjman klima ak lakoz yon lè ki pi pwòp, men li pote bon travay ki byen peye ban nou. Devlope yon chèn apwovizyonman pou enèji ewolyèn olaj zòn kot ki mete rezidan talantye New York yo nan travay pral ranfòse ekonomi nou an ak estimile kwasans ekonomik. New York pa sèlman ap pale de yon ekonomi vèt, nou ap bati youn. Felisitasyon pou Gouvènè Hochul ak ekip NYSERDA paske yo aplike vizyon yo sou enèji ewolyèn olaj zòn kot ak kreyasyon djòb vèt."

**Anne Reynolds, ki se Direktris Egzekitif Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare,** "Enèji ewolyèn olaj zòn kot ap dekole nan New York, ak nouvèl jodi a ki soti nan Sunrise Wind montre nou sou bon chemen pou kreye nouvo djòb k ap soutni fanmi yo nan kominote pòtyè yo pandan ke n ap pousuiv yon lè ak yon enèji ki pi pwòp. Felisitasyon pou Sunrise Wind, NYSERDA, ak Port of Coeymans pou nouvèl akeyan sa!"

**Julie Tighe, ki se Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York la, te deklare,** "New York sou pwèn pou konstwi yon endistri ewolyèn k ap pwospere e k ap dire lontan epi nou eksite pou wè ke Ørsted ak Eversource ap trase chemen an. Itilizasyon Port of Coeymans pou konstwi konpozan pou pwojè Sunrise Wind la pral non sèlman akselere tranzisyon nou nan enèji renouvlab, men li pral kreye tou dè santèn djòb sendika vèt ak investi dè milyon dola nan New York. Nou bat bravo pou Sunrise Wind pou etap enpòtan sa a pou pi devan e pou angajman yo pou kreye yon avni enèji ki pwòp pou New York."

**Joe Martens, Direktè Alyans Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot Eta New York (New York Offshore Wind Alliance) la, te deklare,** "Anons jodi a se prèz pozitif ke pwomès enèji ewolyèn olaj zòn kot la reyèl epi li pral benefisye Nouyòkè yo nan Long Island rive nan Rejyon Lwès New York. Envestisman sa yo pral ede konstwi chèn apwovizyonman nasyonal nou an, bay travay k ap sipòte fanmi yo, ak reyafime wòl enpòtan pò rejyon Kapital yo pral jwe nan tranzisyon nan direksyon avni enèji pwòp la."

Kòm yon pati nan solisitasyon inogiral konpetitif pou enèji ewolyèn olaj zòn kot nan ane 2018 Otorite Rechèch Enèjetik ak Devlopman Eta New York la, Eta New York chwazi Sunrise Wind, ki se yon fèm enèki ewolyèn ki gen kapasite 924 megawat ki pral lokalize nan plis pase 48 kilomèt nan lès Montauk Point. Yo prevwa konstriksyon an ap kòmanse bonè an 2023 ak fèm ewolyèn ke yo pevwa k ap konplètman an fonksyon an 2025.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram enèji ewolyèn olaj zòn kot New York la k ap mennen nan nasyon an [isit la](#).

## **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chimen pou l akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive lane 2040, ki gen ladan l 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab rive 2030 epi atenn netralite kabòn nan nivo ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)